

**ИНСÆН ДОР ЦИРГЪАГИ ÆГИРИДДÆР НЕЦÆБÆЛ ФÆРСУЙ, УОТЕМÆЙ ÆЙ ЦИРГЪ БА РАКÆНУЙ!..**

*Иоганн ГЕТЕ (1749-1832), немуцаг финсæг: «Хъæбæр бæрзонд цæстиварди мæмæ ’нцæ, ци сæ фæндуй, уой бæлвурд ка фæззонуй, уæхæн адæймæгутæ. Æнæгъæнæ дуйней бæлæхтæн сæ фулдæр хай æрцæунцæ, адæм фагæ æнхæст ке нæ лæдæрунцæ сæ нисантæ, уой фудæй. Æндæра е куд æй, æма азгъунст аразун райдайгæй, етæ, цæмæй мæсуг лæуунгъон уа, уой туххæй ин федар бундор исæвæрунбæл хъæбæр минкъий амæлттæ исхарз кæнæ...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№32 (1048) 2026 анзи 22 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


**ХУÆРЗГÆНÆГÆН ÆМА ФАРНÆХÆССÆГÆН АДÆМ Æ ЦÆРА ФÆККÆНУНЦÆ!..**



## Æ КАРНИ ТÆХОДУЙÆГТИ УÆЛВОНГМÆ НИФСХАСТÆЙ ЦÆУНГЪОН НИВГУН ÆЙ!..

Тускъати Тайморази кæддæр журналисттæ ку бафарстонцæ, хуæнхтæ æма денгизæй дин ка хецондæр æй, зæгъгæ, уæд æ дзуапп адтæй: «Хуæнхтæ!..» Ка ’й зонуй, хуæнхтæ ин сæ рæсугъддзийнадæй æнцæ уотæ зæрдæхцæуæн. Фал уони туххæй ку фæдздзоруй, уæд ци гъудитæ фæззæгъуй, уонæмæ гæсгæ ба ин, æвæдзи, зæрæдæмæдзæугæ фулдæр уомæ гæсгæ ’нцæ æма бæрзæндтæмæ хезгæй, адæймаги уодигъæдæ федардæр, царди къахкъуæрæнти сæрти дæр нифсхастдæрæй бахезунгъондæр ке кæнуй. Царди ба берæ хъоргæнæнтæ ке ес, æма дæ дæ карни тæходуйæгти уæлвонгмæ исхъæртун ку фæндæуа, уæд гъæуама исарæхса уонæй тухгиндæр унмæ, уой ба Таймораз хъæбæр хуарз зонуй æхе царддвæндаги фæлтæрддзийнадæй.

Ка ’й зонуй, уомæн æхуæдæг цидæр хатдзæгтæ кæнуй, уæлдайдæр ба абони – æнхæст ибæл кæнуй æртинсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн уой фæдбæл, абони нæ газети 3-5-аг фæрстæбæл ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй.

**АХУРАДÆ**



### ÆМА СИН АХУР КÆНУН ÆХЦÆУÆН КУД УА...

Æрхæстæг кæнуй нæ кæстæртæн сæ тæккæ зæрдæхцæуæндæр афонæ – ахури нæуæг анзи райдайæн. Æма куд скъоладзаутæн сæхецæн, уотæ сæ ниййергутæн дæр цæмæдесаг æнцæ уой хæццæ баст еугур хабæрттæ дæр, уæлдайдæр ба – ци нæуæгдзийнæдтæ син фæззиндзæнæй, етæ.

Еци нæуæгдзийнæдтæй ба еу æй – Уæрæсей Федераций рохсади Министради унаффæмæ гæсгæ, фиццаг къæлæсти ахурдзаутæн сæ ахурадон фæткæ фæуууодæнстдæр кæндзæнæнцæ. Урóктæн сæ рæстæг уодзæнæй æдеугур 35 минути, еу бони дæргъи ба сæмæ цуппар урокемæй фулдæр гъæуама ма уа.

Уæхæн фæткæ федаргонд æрцудæй, цæмæй сувæллæнттæ æгæр ма фæллайуонцæ æма ма æгудзæг кæнонцæ. Ахури дуккаг æрдæг урокти рæстæг фондз минути фæффулдæр уодзæнæй.

Æма ма ниййергутæ æма сувæллæнттæн еума æхцæуæндзийнадæ – анзи медæгæ фиццагкъласонтæн сæ фæлладуадзæн рæстæг уæлæнхасæн æнæгъæнæ къуæре фæддаргъдæр уодзæнæй! Уой хæццæ син аци ахури анзæй фæстæмæ хæдзарæмæ куст дæр нæбал дæтдзæнæнцæ.

* * *

Сæ ахурдзау кæстæрти скъоламæ цæунмæ алцæмæй дæр æнхæстæй бацæттæ кæнунæн сæ равгитæ кадавар кæмæн æнцæ, уæхæн берæсувæллонгин (цуппар æма уомæй фулдæр сувæллæнттæ кæми гъомбæл кæнунцæ) бийнонтæн фæййагъаз кæнуни нисанеуæгæй нæ республики фæллойни æма социалон райрæзти министради хъæппæресæй арæзт цæуй акци «Еумæ скъоламæ». Финддæс æма инсæйемæй фулдæр берæсувæллонгин бийнонтæн лæвæрд цæунцæ сертификаттæ сæ ахурдзау кæстæртæн ахури нæуæг анзи размæ уæледарæс канцелярон фæрæзнитæ балхæнунæн.

***Нæ уацхæссæг***


**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

**Газет «Дигорæ» 2026 анзи дуккаг æмбесæн нерæнгæ рафинстонцæ æдеугурæй 145 адæймаги. Ци фæцайтæ, Дигорæ? Газет «Дигорæ» ма рафинсæн ес 13 июли уæнгæ. Ма базийнадæ кæнетæ!..**



http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta.digora@kpmk.alania.gov.ru

***Алексис ТОКВИЛЬ (1805-1859), французаг историк: «Цард нæдæр гъезæмарæдзийнадæ дæр æма идзулундзийнадæ дæр нæй, фал æй, æнæмæнгæ æнхæст кæнунæй æма ’й кæронмæ цæсгонгинæй рахъæртун кæнунæй ихæсгин кæмæй ан, уæхæн гъуддаг...»***

## ХУÆРЗАУОДÆН ГЪУДДÆГУТÆЙ ФЕДАУЙ ÆМА ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆ КÆНУЙ НÆ ЦАРДИУАГÆ





# ХЕСТÆРТÆН – РÆВДУД, КÆСТÆРТÆН – ЗУНДАМУНД...

### СОЦИАЛОН ЛÆГГÆДТИ ЦЕНТРИ КУСТ

Национ проект «Бийнонтæ»-йи фæлгæти Дигори райони цæргути социалон лæггæдти комплексон центр идарддæр дæр кадæ кæнуй, æнзтæ берæ кæбæл рацудæй, еци адæмæн. Е æй хуарз æма зæрдагайгæ традици, хестæр кари адæмæн алливæрсуг агъаз бакæнунæн, алли фæлтæрти ’хсæн бастдзийнæдтæ федардæр кæнун æма бийнонти традицитæ багъæуай кæнунæн.

Æрæги æ 95 анзей бон исбæрæг кодта сахар Дигорай цæрæг Хъолоти Георгий кизгæ Симæ. Уæхæн рæсугъд бæрæгбони фæдбæл æй бабæрæг кодта Комплексон центри специалист Гуцати Маринæ. Зæрдиаг арфæ ин ракодта еугур центри косгути номæй æма ин балæвар кодта зæрдæбæлдарæн лæвар.

– Нæ зæрдæ дин зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, уоди гъар æма фæрнугадæ, – загъта ин Маринæ.

Уæхæн æхцæуæн мадзæлттæ æвдесæн æнцæ, паддзахадон социалон политики устур ахедундзийнадæ ке ес, уомæн. Е арæзт цæуй зæрдиагæй ауодунадæмæ, ветерантæ æма рацæргæ адæмæн кадæ кæнунмæ, фæлтæрти ’хсæн бастдзийнадæмæ æма фæсевæдæн сæ царди фæлтæрддзийнадæй хай кæнунмæ.

### РАВДИСТ – БИЙНОНТÆН

Станицæ Николаевскаяйи киунугæдони – Дигори райони центрон библиотеки дæлхайади æ куст райдæдта бийнонти сæрмагонд равдист сувæллæнттæ æма сæ нииййергутæн «Сумахæн, сабийтæ – нæуæг киунугутæ».

Æ исаразгутæн национ проект «Бийнонтæ» сæ размæ ци ихæс æма нисан æвæруй – еумæ киунугутæ кæсуни бийнонти традицитæ фæффедардæр кæнун æма ирæзгæ фæлтæри литературæмæ цæмæдесдзийнадæ исæвзурун кæнун, уони исæнхæст кæнунбæл зæрдиагæй архайунцæ.

Равдист исхонæн ес бийнонти еумæйаг фæлладуадзæн фæзуат. Ами нииййергутæн сæ сувæллæнтти хæццæ сæ бон равзарун æй зæрдæмæдзæугæ литературæ. Цæмæй сабийтæ æма сæ хеуæнттæ литератури алæмæти дуйней ранигъулонцæ, уой туххæй æрæмбурд кодтонцæ еугуремæй ирддæр, аййевдæр, хузгин, зæрдæскъæфæн нæуæг киунугутæ, аргъæуттæ, алæмæти хабæрттæ, æмдзæвгитæ, игъæлдзæг радзурдтæ, детективон уадзимистæ, энциклопедитæ æма наукон-популярон – еу дзурдæй, алли кари сабийтæн дæр цæмæдесаг ка ’й, уæхæн литературæ, агъаз æй сæ райрæзтæн, ахур сæ кæнуй раст гъуди кæнун æма дзорунбæл, нииййергутæн ба – сæ сувæллæнтти фарстатæн дзуæппитæ раттунæн.

Уæхæн мадзæлттæ агъаз æнцæ фæлтæрти æнгомдзийнадæн, киунугæ еумæ бакæсун ба исуодзæнæй бийнонти традици.

## САГЪÆССАГ УАВÆРТÆ КЕ ФУДÆЙ ИСÆВЗУРУНЦÆ ÆМА СÆБÆЛ ДЗУАПДÆТТÆГ ЦÆМÆННÆ ЕС?





# КАРЗ ÆФХУÆРÆН МАДЗÆЛТТÆЙ БÆРГÆ ÆВЗЕДУНЦÆ, ФАЛ...

Артаги нæфагæдзийнади æма æ уæйæ кæнуни бæрзонд æргъти фудæй нæмæ нуртæккæ ци уавæр исæвзурдæй, е хъæбæр тухсун кæнуй адæми, сæ цардиуаги син берæ цидæртæ фесинмитæ кæнуй. Уомæ гæсгæ ба уавæр фæррæвдзæдæр кæнуни фæдбæл цидæр мадзæлттæ дæр арæзт бæргæ цæуй, фал си уæддæр æнæмæнгæ исаразуйнæгтæ еугурæй нæма æрцудæнцæ хузæнæнгонд.

### ÆРГЪТÆ – ДОГЪОН БÆХТÆЙ ДОГЪОНДÆР

Уой фæдбæл цудæй дзубанди, æрæги монополити нихмæ федералон служби регионалон управлени æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ, артаг æма энергетики министради разамундæн, хецæн адæймæгути бæрни бунæттон артаг æвгæнæн устурдæр станцити уони минæвæртти хæццæ фембæлди рæстæг.

Дзубанди рауадæй нефти продуктти уавæри æма артаги æргъти фæдбæл. Станцитæ «Гефест», «Троя», «Барс»-и разамунд куд загътонцæ, уотемæй АИ-92 артаги аргъ 100 сомемæй минкъийдæрæй уæйæ кæндзæнæнцæ. Уотемæй сæхуæдтæ æфтуйаг æгириддæр нæ есдзæнæнцæ. Хецæн адæймæгути бæрни уæвæг артаг æвгæнæн станцити хецауадæ куд радзурдтонцæ, уотемæй тагъд Монополити нихмæ федералон служби регионалон управлени æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ, артаг æма энергетики министрадæмæ бадæтдзæнæнцæ документтæ. Нуртæккæ станцити ци æргътæ æвæрд æрцудæй, уонæн бундор ке ес, уой документтæ æвдесдзæнæнцæ.

Аци гæгъæдити бæрæг дарддзæнæй артаг балхæнуни аргъ, артаг æрбадæттуни æмгъудтæ, товарти-транспорти уæлæфтауæн гæгъæдитæ, æндæр хæрзтæ – етæ кæронбæттæни фæббæрæг унцæ артаги аргъбæл. Нуртæккæ цæрæнуатон-коммуналон ведомствæ бæрæг кæнуй артаг æвгæнæн станцитæ, артаги аргъ æгæр бæрзонд кæми разиннуй, аргъи бæрзонд æмвæзадæ документтæй ефтонггонд ку нæ фæуй, уæд станци нихмæ карз æфхуæрæн мадзæлттæ аразунцæ.

… Карз æфхуæрæн мадзæлттæй æвзедунтæй ести уæд рауайдзæнæй, æма бæлвурд хузи æнхæстгонд ку цæуонцæ. Æндæра уотид тубутт-зубуттæ кæнунæй ба ди неке фæттæрсдзæнæй, уæлдайдæр ба æдзæсгондзийнадæ æ уодигъæди кæмæн æй, етæ…

### ÆРГЪТÆМÆ – ПАДДЗАХАДОН ЦÆСТДАРД

Нæуæг анзи 1 январæй паддзахадæн фæззиндзæнæй хуайраги æргъти ирæзтмæ цæстæ даруни нæуæг фæрæзнæ.

Хъæлонти федералон служби игъосункæнуйнаги бундорбæл хецауадæн æ бон уодзæнæй цæстæ дарун, тукæнтти тæрхæгутæмæ ка бахъæрттæй, товари айдагъ еци аргъмæ, æ рауадзæгæй райдайæ, æма, тукани уæнгæ цалинмæ нæ бахъæртуй, уæдмæ æ аргъ куд æййевуй, уомæ дæр.

Хуайрагæн æ аргъ уæлæмæ, миййаг, æгæр ку ниццæва, уæд паддзахадæн æ бон уодзæнæй рабарун розници аргъ, æма, товар раздæр ци къæпхæнбæл рацудæй æма ин уоми ци аргъ адтæй, уой хæццæ. Зæгъæн, æ рауадзуни хæрзти хе аргъ ке фæффулдæр æй, хуайрагæн æ аргъ уой фудæй исбæрзонд æй, æви фæстæдæр ци къæпхæнтæбæл рацудæй, уоми? Еци гъуддаг æртасдзæнæй паддзахадæ.

Уой хæццæ ма, æргътæбæл тæккæ фулдæр бафтауæн цæйбæрцæ æнгъезуй, еци еумæйаг бæрцæбæл дзубанди нæ цæуй, уæдта розници тæккæ фулдæр аргъ федаргонд æрцæуа, нæуæг закъон уой нæ амонуй. Товар, еуæрдигæй, ци аргъæй æлхæд æрцæуа, кенæ, ци хæрзтæ байагора, иннердигæй ба – тукани ци аргъбæл уæйæгонд цæуа, еци дууæ аргъей ’хсæн хецæндзийнадæ æгъдауихалæн миуæбæл нимад нæ цæудзæнæй: алкедæр æй лæдæруй, розници аргъмæ хаст ке цæунцæ хæрзтæ – товар ласуни хæрзтæ (логистикæ ке хонунцæ, е), багенди есуни гъуддæгутæ, адæми мизд æма æндæр хæрзтæ.

Æргъти ирæзтмæ цæстæ даруни нæуæг фæрæзнæн æ нисан æй æндæр: æргътæ куд арæзт цæунцæ æма цæй фудæй бæрзонд кæнунцæ, уой лæмбунæг æртасун.

**Цæгат Иристони адæмон финсæг, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Цæгæрати Николайи фурт Максими райгурдбæл 27 августи æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-1990).**


ТУСКЪАТИ Мухарбег (дуккаг рæнгъи галеуæрдигæй) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ фронти.


ТУСКЪАТИ-ЦОРИТИ Дебæ æ фурт Руслани хæццæ.

# «БОЗ ÆМА СÆРУСТУР СИ АН!..»

Махмæ гæсгæ, **Тускъати Руслани фурт Тайморази** уин сæрмагондæй амонун нæ гъæуй: айдагъ нæхемæ, Иристони нæ, фал сауæнгæ Уæрæсей дæр хъæбæр берæ рауæнти нæ дзиллитæн зундгонд æй куд ис-курдиадæгин ахургонд, экономикон наукити доктор, профессор, хецауадон архайæг, абони ба æнхæст кæнуй нæ республики Парламенти Сæрдари бæрнон ихæстæ.

Адæймаг æнай-æнойти, æхе гъæди нæ рабайлæгъ уй. Æнтæстгин ке исуй, е алцæй разæй дæр фæууй æ хестæрти, æ нийййергути, æ бийнонти фæрци. Æма Таймораз дæр си уомæ гæсгæ абони боз æма сæрустур æй. Æ фиди фидæ **Тускъати Басай фурт Мухарбег** æ рæстæги нæ ахургонддæр æма раойн-циуондæр адæймæгутæй адтæй еу. Нæ Фидибæстæмæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ гадзирахаттæй ку æрбалæбурд-тонцæ, уæд фиццаг фæдесонти хæццæ фæннæхстæр æй знаги нихмæ тохмæ. Æхсаргин тугъдон адтæй, æ цард иснивонд кодта райгурæн бæсти сæрбæлтау. Хуарз æма ин уæддæр фæдонæн байзадæй фурт Руслан, Тайморази фидæ. Уой седзæргæсæй исгъомбæл кодта **Тускъати-Цорити Дебæ**. Мадта Тайморазæн æ мади фидæ **Хуасдзаути Дзамболат** дæр нимади лæг адтæй, куд Чиколай гъæубæсти медæгæ, уотæ æнæгъæнæ Дигори дæр.

Тайморазæн æ фидæ **Руслан** æма æ мадæ **Таисæ** (Хуасдзаути Дзамболати кизгæ) абони, гъулæггагæн, не ’хсæн нæбал æнцæ, фал сæ адæм ба уæддæр арфиагæй имисунцæ.

Тускъати Таймораз абони æ куст æма архайдмæ гæсгæ уæхæн уавæри æй, æма æнæгъæнæй дæр дзиллитæн æй сæ цæстингаси, лæгигъæдтæй имæ ци ес, уой дæр етæ сæхуæдтæ æргомæй уинунцæ æма ин аргъ-гæнæг дæр етæ ’нцæ. Уæлдайдæр ба, ке ’хсæн ирæзтæй æма абони дæр хеуонæй-хеуондæр ин ка ’й, æ еци синхонтæ. Æма уони номæй æ зæгъуйнæгтæ зæгъуй **Баликъоти Мæхæмæти фурт Рамазан**. Уомæ гæсгæ ба дзурди барæ дæттæн, бæлвурдæй æй ка зонуй, царди медæги æ хæццæ архайгæ кæмæн рауадæй, уонæн.

## ЗÆРДТАГОН ÆЙ СИНХÆН ДÆР ÆМА ГЪÆУБÆСТÆН ДÆР!..

Мах синх некæци доги адтæй нæдæр æгъдаухæссæг хестæр, нæдæр ба æгъдаудæттæг кæстæр гъæуагæ. Цийнæ гъуддаги дæр æма мæрдæгъдауи дæр нæ синхбæстæ алкæддæр зелæн кодтонцæ æма абони дæр кæнæн еу бийнонтау, алке дæр ни æ бæлвурд ихæстæ зонуй, уотемæй. Нæ фæсевæд фæнзунцæ хестæрти, есунцæ сæхемæ сæ амунд, цæунцæ царди тонхи æма си куд нæхуæдтæ, уотæ адæм дæр æнцæ боз.

Беретæн си сæ хуарзи, сæ лæгдзийнæдти æма се ’нтæстдзийнæдти кой игъусуй айдагъ гъæубæсти, Ирæфи райони нæ, фал ма æнæгъæнæ республикæбæл, сауæнгæ ма нæ Фидибæсти иннæ рауæнтæбæл дæр. Уонæй еу æй Тускъати Руслани фурт Таймораз дæр.

Таймораз, куд фæззæгъунцæ, синхи цæстити рази ирæзтæй, не ’хсæн гъомбæл кодта. Æма ’й куд нæ гъуди кæндзæнæн – адтæй лæдæрагæ, лæмбунæг сувæллон, бæрæг дардта е ’мæгтти астæу. Уæхæн лæдæрагæ бицщеу уогæй си «рæуæг» дзурд нæ фегъустайсæ: исдзоруни разæй лæмбунæг расагъæс кæнидæ, æсхъиуд, рæуæгсæр миутæй имæ æгириддæр неци уидæ. Синхи кæстæртæ цитæ архайдтонцæ, уонæми Таймораз дæр е ’мгæртти æмхузон уидæ, фал имæ уонæй хецæнхузæ менеугутæ дæр куд нæ адтайдæ. Уони ’хсæн бæлвурд зиндтæй ахурбæл уæлдай æхцул ке ’й, е. Куд баргъондæр кодта, уотæ æ еци тæлæн бæрæгæй-бæрæгдæр кодта. Уомæй æй иннетæ дæр фæнзтонцæ. Фал уомæн фулдæр æнтæстæй æма ’й уинетæ, ахуради бæрзæндтæмæ куд æнтæстгинæй исхизтæй, уой.

Синхи цалинмæ ирæзтæй, уæдмæ æхе некæд фæттиллеф кодта еумæйаг гъуддæгутæй, багъæуаги иннети хæццæ æмзелæн кодта. Институти ахур кæнгæй, далæ кæмидæр нæхецæй идард рауæнти косгæй


ТУСКЪАТИ Руслан æма æ бийнойнаг Таисæ (галеуæрдигæй) сæ кæстæрти хæццæ. Рахесæрдигæй – Руслани фиди æнсувæр Омари кизгæ Нинæ. Бийнонти архивæй ист къарæ.

дæр хъæбæр æхцул адтæй нæ синхбæл. Мадта нæхемæ гъæуууонхæдзарадон институти косун ку райдæдта, уæддæр æ уолæфæн бæнттæ æрвиста гъæуи, синхи хæццæ.

Гъо, кадæртæ «устур лæгтæ» бæргæ исунцæ, фал адæми хæццæ цæрун ба нæ базонунцæ, нæ сæмæ разиннуй еци лæгигъæдæ, райеуварс унцæ синхæй дæр æма хеуонтæй дæр. Сæхецæй уæлдай сæмæ неке мæтæ фæууй. Мах лæгæн уомæй тæссаг нæй. Ес имæ зунд, æгъдау, хъаурæ, æ фидтæлти тог æма цæуй хуæздæрти æмрæнгъæ.

Уæхæнæй зонæн мах нæ уарзон синхони, зонæн уой дæр, æма цидæриддæр ин æнтæсуй, е æй айдагъдæр æхе зунд æма хъаури фæрци, æма ма ин идарддæр дæр никки фулдæр æма агъазиаудæр хуæрзтæ исаразун бантæсæд æхе æма æ хеæнтти кадæн, адæми хуарзæн.

Нæ хуарз синхагбæл исæнхæст æй æртинсæй анзи. Етæ нимæдзæй æнцæ хъæбæр минкъий, фал сæ «хурдзинтæ» се ’мидзаг æнцæ арфиаг гъуддæгутæй – еци карæмæ Тускъайфуртæн берæ бантæстæй царди, ахури, кусти. Ес ин тумугъ бийнонтæ, зæрдрохс æй æ кæстæртæй. Царди, æнзти тæмæнтæ ин, куд фæззæгъунцæ, гъенур искалдæнцæ æма ин нийвулæнтæ.

Æ нанай куд фæндадтæй, уæхæн лæг иссæй, ци лæгигъæдтæй æй хайгин, уонæн сæ ахсгиагдæр: адæми лæдæруй, уарзуй сæ, архайуй хуарз син ракæнунбæл.

Еугуребæл дзуапп нæ дæттун, фал æй нæ синх ба берæ уарзæн, ан си боз æма сæрбæрзонд. Нæ зæрдæ ин зæгъуй æнæнездзийнадæ, кæстæртæй зæрдрохс куд уа, адæми уарзондзийнадæй – хайгин. Кадæ кæнуй муггагæн дæр, синхæн дæр, гъæубæстæн дæр æма ин æ еци хъаурæ берæ æнзти дæргъи ма тухгинæй-тухгиндæр кæнæд.

Дзæбæх нин уо, Таймораз!

* * *

Тускъати Тайморази берæ арфиаг хъиамæттæн сæ сæйрагдæртæй еу æй, фæсевæди гъомбæлади кусти ин ци берæ хуарздзийнæдтæ аразун æнтæсуй, е. Уой фæдбæл æй æ дзубанди **Баликъоти-Рæмонти Олесийæн**, Цæгат Иристони æрдзон фæрæзнити æма экологий министради косæгæн.

## ЕУГУРÆЙ ДÆР ДЕС КОДТАН...

Нæхе аграрон университети экономикон факультети студенттæ ку иссан, уæд «фæлтæрдгин» студентти дзубандитæй зудтан, еуемæй аци факультети æнцон ахургæнæн ке нæ уодзæнæй – æгæр «уæззау» предметтæ си ес, уæдта си ахури гъуддаги æгæр домунцæ, иннемæй ба, дан, си æнцон æй ахур кæнун – косунцæ си фæлтæрдгин ахургæнгутæ, беретæ си æнцæ экономикон наукити кандидаттæ æма доктортæ. Айдагъ теори нæ зонунцæ хуарз, фал практикон æгъдауæй дæр дæсни æнцæ. Еци дууæ гъуддаги си еумæ баст уогæй, студенттæн дæттунцæ бæлвурд зонундзийнæдтæ сæ равзурст дæснийадæбæл.

Куд раздæри студент, уотæ мæ уæхæн ахургæнгутæй еуей тухххæй фæндуй зæгъун. Е æй Тускъати Руслани фурт Таймораз. Уой размæ дæр æй фæууингæй, уотæ æнгъалдтон æма аци æригон лæхъуæн, æвæдзи, аспирант æй. Фал нæмæ фиццаг хатт лекци кæсунмæ ку æрбацудæй æма нин ку загътонцæ, экономикон наукити доктор, профессор æй, зæгъгæ, уæд нæ фурдесæй, куд фæззæгъунцæ, нæ гъæлæстæ ниххæлеу уогæй, бадтан. Нæ ни æруагæс кодта, кæд нин си барæй уотæ зæгъунцæ, цæмæй имæ хуæздæр игъосæн. Фал е разиндтæй æцæг хабар, æхемæ ба нæ хъæбæр лæмбунæг æригъосун кодта æнæ уæлдай зуст дзурд æма лæкъун цæстингасæй. Е ’гъдау, æ ездондзийнадæ, æ фæлмæн дзурд æма бахудти, уæлдайдæр ба æ арф бундорон зонундзийнæдти, æ рæсугъд, медесгин æма лæдæрд дзубандий фæрци æригон профессор райста нæ еугурей дæр «уацари». Æфсæрми си кодтан еугурæйдæр, нимадтан ходуйнагбæл, æрмæг нæ исахур кодтон, зæгъгæ, зæгъун. Æма нæ е дæр лæдæрдтæй, некæд ни неке фæннилæг кодта, лæвардта нин устур нифс æма разæнгарддзийнадæ, тæккæ сæйрагдæр ба – бундорон зонундзийнæдтæ.

Нур царди фулдæр лæдæрун райдæдтон, мæхе сабийтæн мæ гъæуй уроктæ амонун æма Таймораз мæ зæрди æрбалæууй, фæззæгъун: «Мæ сувæллæнтти уæхæн устур нивæ разиннæд æма син Тайморази хузæн ахургæнгутæ ци уа!..»

Æцæг адæймаг, æцæг ахургæнæг. Аци дууæ менеуæги байеу æнцæ Тускъати Тайморази уодиконди. Æвæдзи, æрдзон лæвар æма хестæрти фæрци æй уотæ. Æма царди медæгæ хуарздзийнадæй цидæр ес, уонæй хайгин уæнтæ æхуæдæг дæр æма æ рæсугъд бийнонтæ.

Ракъетитæ аразæн къабази номдзуд конструктор, техникон наукити доктор, профессор Касати Соломони фурт Хъазбеги райгурдбæл 22 августи æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи (1936-2009).

*Михаил ШОЛОХОВ (1905-1984), писатель: «Ныне живущих окрыляет на неустанный труд и новые подвиги суровая ответственность за судьбы отчизны, за дело партии, ответственность, которую мы несем не только перед трудящимися поколениями, но и перед светлой памятью тех, кто сражался и шел на смерть...»*



# «САМАЯ СВЕТЛАЯ НАША ДОРОГА ВСЕ ЕЩЕ ВПЕРЕДИ...»

Свой рассказ о Таймуразе Тускаеве начинаем с такой вот притчи.

Собрался один молодой горец и мир повидать, и себя показать. И перед тем, как из родительского дома отправиться в путь, он спросил у матери:

– С собой в дорогу что мне взять?

И мать сказала ему:

– Возьми имя отца своего и благоволение его…

Послушался парень совета матери, и, куда бы не приводили пути-дороги, везде его привечали с радушием – и все благодаря доброму имени и добродеяниям его отца.

А притчу эту рассказали к тому, что Таймураз, когда это бывает уместно, непременно вспоминает с благодарностью своих старших. Нет, он отнюдь не почивает на их добром наследии, а к тому, что их пример для него и стал тем прочным фундаментом, на котором строил и по сей день строит свою судьбу.

В одном из телеинтервью Таймураза спросили, мол, кто его кумир. – Вряд ли смогу назвать какого-то одного человека, – ответил он. – Но абсолютно уверенно могу засвидетельствовать: мои кумиры – это мои старшие. Бабушки, дедушки, которые меня воспитывали. Так получилось, когда мне было года четыре, мои родители после окончания вузов (отец – сельхозинститута, а мать – мединститута), как тогда водилось, уехали по направлению работать в Калмыкию. Мама работала главврачом участковой больницы, папа работал главным механиком в совхозе, а я в Чиколе остался с бабушкой. И она, и ее братья, сестры – в их кругу я находился с четырех лет. И, уверен, в мое формирование они внесли самый большой вклад – может даже больше, чем мои родители. Потому я от них перенимал очень многое: их уважительное отношение друг к другу. Я видел, что надо любить людей, относится по-доброму друг к другу, к соседу. Помогать. Они были вместе дружной семьей. И уважение к обществу, и еще очень многое во мне заложили такого добрыми зернами, которые надеюсь, взошли добрыми же всходами. Поэтому для меня кумиры – они. На самом деле свои поступки я все время сопоставляю с жизнью моих старших. Как они жили, какие нравственные принципы они нам оставили. Нельзя предавать кого-либо и что-либо, нужно жить честно, жить для своей семьи, и в то же время создавать комфорт и благо для тех, кто рядом, для всего общества. Вот я часто рассуждаю: самое большое богатство, которое можно оставить детям – это имя. Ведь как повелось в Осетии: если хотят узнать, кто ты есть, то прежде всего спрашивают: «Чей ты сын? Кто твой отец? Кто твой дед?» И когда ты можешь с гордостью назвать имя своих родителей, когда ты уверенно и смело идешь с их именами по жизни, разве это не самое высшее благо?! Для меня это важно. И, насколько могу, так и живу, по заветам своих старших.

И надо заметить, живет достойно памяти своих старших. За плечами Таймураза Руслановича – богатый опыт производственной практики, а также научной и государственной деятельности. После окончания в 1989 году Горского сельскохозяйственного института он начал свою трудовую биографию в одном из сельхозпредприятий Тульской области, преподавал в родном институте, поступил в аспирантуру, защитил сначала кандидатскую диссертацию, затем – докторскую. Следующим закономерным этапом его профессионального роста стало участие в парламентской деятельности.

В 2007 году став депутатом, он возглавил комитет по бюджету и налогам, собственности и кредитным организациям. Его потенциал экономиста-аналитика оказался востребованным и при назначении на должность сначала первого заместителя председателя правительства, а в 2016 году – председателем правительства республики. В 2022 году, после очередных выборов в Парламент РСО-А, Таймураз Тускаев был избран руководителем высшего законодательного органа Северной Осетии.

И даже при такой солидной наполненности своей судьбы, он все-таки больше гордится своими старшими. И в этом он прав – они достойны такой благодарной памяти. Его дед по отцовской линии Мухарбек Басаевич был весьма уважаемым человеком не только в родной Чиколе, но и далеко за ее пределами. Он был одним из первых осетинских парней, кто получил высшее образование в Москве. Вернувшись после учебы на родину, занимал разные ответственные должности, проявлял себя грамотным, толковым и инициативным специалистом. Когда началась Великая Отечественная война, то из пяти сыновей Баса Тускаева двое младших – Тазрет и Мухарбек – в числе первых ушли на фронт, а остальные братья – Дзахо, Гамат (Магомет) и Омар – не подлежали призыву из-за преклонного возраста. В боях за Родину Мухарбек был тяжело ранен и его демобилизовали. Вернулся в Чиколу, но недолго пробыл дома, снова попросился на фронт – как он сказал, ему как-то не по себе отсиживаться здесь, когда его ровесники на фронте, в смертельной схватке с врагом бьются, жертвуя собой и своими жизнями. И настоял на своем – снова ушел на войну. И снова был ранен, а лечиться его переправили в Грозный. Узнав об этом, туда же собралась его супруга Деба (дочь Сабе Цориева). И взяла с собой незадолго до этого (13 февраля 1943 года) родившегося своего сына Руслана. Представляете, каково было молодой женщине, да еще с грудным ребенком, в невыносимо трудных условиях военного времени совершить такую поездку. Но это того стоило – она невероятно сильно хотела, чтобы Мухарбек увидел своего сына... Это было их последнее свидание – Мухарбек Тускаев погиб 8 мая 1944 года в боях за освобождение Севастополя, под Сапун-Горой… Уже годы спустя Руслан со своим сыном Таймуразом посетили места тех боев и даже установили отцу и деду памятник с его фотографией и соответствующей надписью. Память о дедушке, видимо, не давала покоя Таймуразу, и приложил немало усилий, чтобы подробней разузнать о его судьбе. И вот один из результатов его усилий – несколько лет назад Таймуразу Тускаеву в торжественной обстановке вручили орден Красной Звезды, к награждению которым Мухарбек Тускаев был представлен в апреле 1944 года, но получить его не успел… И теперь эта награда в семье его внука будет храниться святой реликвией, дорогой памятью об отважном ратнике из рода Тускаевых. Столь подробно об этом я говорю к сказанному Таймуразом: мы должны чтить тех, благодаря которым мы имеем то, чем здравствуем, нельзя предавать их память и те нравственные принципы, которые они нам оставили, и стремиться жить так же честно, как они… А то, что это вполне возможно и вполне под силу каждому, кто искренне и по-совести стремится к этому, – говорит Таймураз Русланович.

Как тут не вспомнить и родителей Таймураза. Его отец Руслан Мухарбекович и Таисия Дзамболатовна (в девичестве Хасцаева), как уже было сказано, после окончания вузов на работу были направлены в Калмыкию. Как им работалось-жилось, об этом свидетельствует такой факт. Когда они уже вернулись в Осетию, Руслан работал главным инженером колхоза «Ираф» Ирафского района. И руководство этого хозяйства как-то задумало для улучшения своего дойного стада приобрести коров калмыцкой породы, славившихся тогда еще своей высокой продуктивностью. Только вот не знали, как решить эту проблему: вроде бы где-то с кем-то договорились, но, кто его знает, как все сложится...

– И тут мы вспомнили, что наш Руслан в свое время работал в Калмыкии, – вспоминал Сергей (Джеро) Гатциев, тогдашний главный зоотехник этого же хозяйства. – Мы к нему, мол, так и так, выручай. Сразу же согласился поехать с нами в Калмыкию. И что же вы думаете? Там, наверное, и самые высокие делегации не принимали так, как нас встретили... Все вопросы решили самым лучшим образом, причем абсолютно без нашего участия – все сами же сделали, сами же отправили к нам в колхоз нужное поголовье. И нас с почетом проводили. Вот такой авторитет был у Руслана в Калмыкии, вот такую добрую память о себе оставил он там.

Кстати, с превеликой признательностью помнили и Таисию Дзамболатовну в Калмыкии, где она проработала врачом. А уже вернувшись в родную Чиколу, она долгие годы работала в Ирафской районной больнице. Не будем в подробностях рассказывать о том, какой она прекрасный врач, хотя свидетельств тому превеликое множество. Отметим лишь то, что все признавали за ней изумительный талант диагноста. И скольким людям, после их долгих хождений по разным врачам, она точно определяла их недуг – не счесть. А соседи Тускаевых говорили так: она наш семейный врач, в любое время суток, если понадобится, зовут ее и она всегда незамедлительно окажет помощь.

И если в связи с этим отметим, что Таймураз достойный сын своего отца, то, поверьте, утверждать это имею все основания.

– После окончания экономического факультета нашего сельхозинститута, поехал я работать в Тульскую область, – вспоминает Таймураз. – Правда, еще будучи студентом у меня было желание дальше учиться, уже в аспирантуре, защититься. Был уверен, что это у меня получится. Но тем не менее я для себя сразу обозначил, что после окончания вуза не пойду в аспирантуру.

Потому что опять-таки мое глубокое убеждение в том, что в науку нужно приходить после реальной практики. То есть, я закончил сельхозинститут, экономический факультет, и чтобы заниматься исследованием аграрной экономики, нужно было ее узнать, как говорится, изнутри. Потому однозначно решил: проверить себя в условиях реальной экономики, и то не в Осетии, а уехать работать после завершения учебы туда, где ни папы, ни мамы рядом нет, где совершенно другая среда. И проявить на такой открытой площадке свою способность работать самостоятельно, демонстрировать свои знания. Я благодарен судьбе, что после окончания сельхозинститута три



года отработал в Тульской области, в Ческом районе, селения Малое Скуратово. Там были замечательные люди, которых я до сих пор люблю. Я работал там главным бухгалтером. – Это было очень интересно, потому что был совхоз большой, многопрофильный, современный. И люди там были прекрасные.

В коллективе меня встретили очень хорошо. Кстати, ко мне где-то месяц-полтора не обращались по имени – для тульских ребят имя «Таймураз» произнести было сложно. А потом привыкли и прекрасно мое имя произносили.

Так что это был замечательный опыт общения с добрыми, хорошими людьми, которые через какое-то время меня приняли и стал для них своим. Особенно это понял, когда я, годы спустя, будучи уже членом Общественной палаты России, в своем рабочем графике выкроил день и поехал в эту деревню. И уже на подъезде к ней, остановил машину и вышел из нее, и у меня, не поверите, было такое состояние, будто ступил на родней-родную землю.

С таким вот волнением я шел по деревне. Вдруг вижу на одном из подворий кто-то в огороде копается. Я подошел и сказал, что я тут работал главным бухгалтером. Выходит парень и спрашивает: «Ты Таймураз?» Я смотрю на него, а он курил, и говорю: «Дай закурить». Я до этого не курил. А тут закурил – от избытка чувств. Потом прошел дальше. Свернул к дому, где как помнил, жила Евгения Васильевна Парина – бухгалтером у меня работала. Постучался и вышла она... Конечно, я внешне другим уже стал. И когда я сказал: «Я – Таймураз», она так разволновалась, начала меня обнимать. Это, поверьте, очень трогательно... Потому, считаю, что это такой опыт практического вхождения во взрослую жизнь, который во многом тебя формирует. Туляки сформировали во мне и профессиональный подход в работе, и просто нормальные человеческие качества в характере. За те три года, которые я проработал там, я пожизненно благодарен этой земле. Даже мы когда бываем на каких-то форумах или выставках в Сочи, в Санкт-Петербурге и еще где-то, я всегда подхожу к тульскому стенду, общаюсь с туляками, вспоминаю с благодарностью. Рассказываю о тех людях, с которыми я когда-то работал на этой благодатной земле.

Все эти подробности важные не только как веха в судьбе Таймураза Руслановича, но и как свидетельство тому, как дружно, во взаимопонимании и взаимоуважении жилось людям в советские времена и как нам всего этого не хватает в наше, во многом пасмурное время. Нет, ни на кого не надо просто сетовать и скорбеть по этому поводу, надо просто возрождать все это. Только вот как?..

Рассказу о старших Таймураза Руслановича столько много внимания мы неспроста уделили. Как он свидетельствует, благодаря их примеру и наставничеству ему и удалось осуществить много из того, о чем мечталось. И надеемся, что пример и его самого тоже для вслед идущих, станет своего рода путеводной звездой. Поверьте, есть, что позаимствовать из его жизненного опыта.

Вот за последнее время много говорят о создании, скажем, аграрных классах. Не будем предугадывать, станут ли они той базой, на которую рассчитывают для решения кадровых проблем в сельском хозяйстве. Но, точно можем сказать, что самой



Председатель Парламента республики Таймураз ТУСКАЕВ своим долгом считает постоянные встречи с жителями, знать их мнение, учитывать предложения.

действенной формой трудового воспитания младших была семья, сама обстановка в сельской общине. Вот что по этому поводу и сам Таймураз вспоминает:

– Мой дед по материнской линии около пяти утра приезжал к нам на лошадиной повозке, и мама будила сначала нежно, а потом и пинками могла поднять с кровати. И ты идешь, залезаешь на арбу и целый день с дедом занимаешься сельхозработами. Потом едем обратно. Сено накосили, арбу заполнили, сидишь и тихонько едешь. Что может быть лучше аромата травы? Это лучше любых духов. А дед рассказывает про войну, про оборону Севастополя, про политику, и ты с ним споришь, начитавшись книг.

А еще у деда за Чиколой, на берегу Уруха, имелся подсобный участок, там сажали картофель, фасоль, и вот в один из выходных дней все туда выехали. Я тогда учился в четвертом классе, и меня мама отправила с дедом помогать. И надо было этот участок огородить, чтобы животные не заходили. Там был крутой спуск к Уруху, и дед с мамиными братьями по склонам спускались, топорами рубили жерди для ограды, которые надо было поднять наверх к участку. И вот я целый день спускался и героически тащил эти жерди наверх. Дед немногословный, оценил мой энтузиазм молча, но я понял, что с этого дня я у него в авторитете. Мне хотелось доказать, что смогу. И я доказал. Почувствовал внутреннюю гордость, и моя самооценка поднялась. Мне было тогда десять лет, а я с утра до вечера вниз спускался и тащил эти жерди, не жалуясь, не отдыхая, значит, я уже взрослый! До сих пор этот поступок помню... Еще вспоминается: как топили печку дровами, и вот привезут целую машину дров, которые надо было наколоть, и в классе шестом-седьмом я мог за один день полмашины дров заготовить, этого хватало на треть зимы. Представьте, я такое удовольствие получал! А топор был тяжелее, чем я сам, а я махал, колол, и при этом во мне зарождалась гордость за себя, что могу по-взрослому трудиться. Или когда начал уже за скотным двором ухаживать, тоже класс 7-ой. Я самостоятельно выгонял скот на улицу, чистил за животными, аккуратно метлой подметал, потом простилал остатки сена, соломы, чтобы им было удобно. Все это сделаешь – и идешь в школу. У меня не было такого, что раз Таймураз отличник, то и не будет за скотиной ухаживать, я не был ни от чего освобожден. Родители, хотя и были интеллигенцией, как и все сельчане, держали свое хозяйство. В семье эти все качества формировали трудолюбие. У осетин если кого-то называли магоса («лентяй»), это ходуйнаг («стыдно») было.

Мы больше трудились, поэтому, наверное, были взрослее.

Но это не значит, что кто-то лучше, кто-то хуже. У нас самая лучшая молодежь, воспитанная. Мы, старшие, должны чуть-чуть с ними по-другому работать. Они все сделают, если им показать. То, что касается наших бытовых традиций, все прекрасно будут исполнять и слушаться. Нужен больший, взвешенный, трезвый, постоянный разговор с ними. Моя педагогическая деятельность это подтверждает. У меня никогда не было с младшими конфликта. Если молодой человек рвется к пятерке, то нужно помочь ему в этом, этим его мотивируешь и он дальше подтянется.

И особо должен подчеркнуть, что молодежь наша достойная, ею можно гордиться. Собственно, это мы все видим в нашей повседневной жизни. Конечно, бывает, что они в чем-то ошибаются, и нам, старшим, надо спросить с себя – может, мы что-то не так сделали или не те примеры подавали в жизни? У нас, повторяю, замечательная молодежь, просто с ней надо работать. Я в нее верю. А проблема отцов и детей существовала всегда, это извечная классика. Но это тоже ведь диалектика роста и развития – новое всегда воспринимается скептически. Мой сын, к примеру, должен быть более креативным, чем я. И мне, возможно, будет трудно понять, что он хочет, но я не должен отрицать его подходы к жизни, а вместе с ним рассуждать, размышлять, находить.

Наверное, особо следует сказать и о деятельности Таймураза Руслановича на посту Председателя Парламента нашей республики. Впрочем, об этом население как избиратели достаточно проинформированы через средства массовой информации. Потому скорее всего ограничимся рассуждениями самого спикера о предназначении власти:

– В чем функция власти, системы власти? В том, чтобы создать комфортную жизнь для граждан, благоприятные условия для развития экономики, образовательного процесса, здравоохранения, системы жилищно-коммунального хозяйства… Это цель власти. Законодательных, исполнительных органов, органов местного самоуправления. А для народа мы все вместе – просто власть. Почему я хочу, чтобы комитеты парламента были максимально погружены в работу органов исполнительной власти, знали механизмы и возможности их функционирования, знали проблематику того или иного направления? Мы ввели в практику выездные заседания для того, чтобы каждый комитет по своему направлению знал проблемы района, чаяния предпринимателей, «узкие» места здравоохранения, образования, культуры, проблемы людей, которые обращаются в те или иные структуры. И, уже понимая запросы граждан, депутаты, работники аппарата парламента, взаимодействуя с органами исполнительной власти, видят реальные ресурсы и возможности для их решения. Такое сотрудничество позволяет оперативно, из первых уст узнавать о текущих проблемах, требующих безотлагательных мер, и одновременно определять долгосрочные задачи. Бывает и так, что актуальную информацию и предложения со стороны гражданского общества знаем, слышим, но для их реализации пока не располагаем соответствующими инструментами, программами и финансированием. И когда проводится анализ, с учетом мнения общества, – а оно всегда идет от самой жизни, – то уже вместе разрабатываем правовые условия, подключаем прикладные инструменты в виде государственных программ, определения финансирования, контрольных функций по реализации принятых решений. Таким образом, взаимодействие – это понимание реальных нужд общества, их оперативное доведение до органов исполнительной власти и совместная выработка решений. А в основе всей этой работы лежат три главных принципа – компетентность, ответственность и оперативность.

* * *

В одном из стихотворений народного поэта Кабардино-Балкарии Кайсына Кулиева есть такие строки:

*Не подводите покамест итога,*
*Самая светлая наша дорога*
*Все еще впереди…*

Так пусть эта дорога у Вас, Таймураз Русланович, продолжается и продолжается светлой и радостной, на счастье Вам, вашей семье, вашим младшим. Этим и поздравляем Вас с юбилеем, которых, убеждены, будет у Вас, еще немало. И желаем, чтобы они всегда были наполнены благами и радостью.

***Материал подготовил***
***Эльбрус САКИЕВ***

*Измаил* ***СРЕЗНЕВСКИЙ (1812-1880), филолог: «Гъудигæнæн ес айдагъдæр еу æвзагбæл. Цалдæр æвзагемæй талф-тулфæй ку дзорай, уæд дин сæ еу дæр гъуди кæнуни хотух нæ исуодзæнæй. Косунæн дин косæнгарз ку нæ уа, уæд куст дæр нæййес. Цалдæр æвзагебæл гъуди кæнунбæл ку архайай, уæд æгириддæр гъуди кæнунгъон нæбал уодзæнæ...»***

**МАДÆЛОН ÆВЗАГÆН МÆРГЪТÆ ÆМÆ СЫРДТÆ ДÆР МА КУЫ ТАБУ КÆНЫНЦ, УÆД МАХ, АДÆМ ТА?..**



# РАЙХЪАЛ У, ДОМБАЙ...

*Зундгонд куд æй, уотемæй абони каст цæуй нæ республики паддзахадон æвзæгти туххæй Закъони проектмæ. Уæхæн гъуддаг фиццаг хатт арæзт нæ цæуй. 1992 анзи дæр каст цудæй Цæгат Иристони æвзæгти туххæй Закъони проектмæ. Уæд æ гъудитæ газет «Рæстдзинад»-и фæрстæбæл (1992 анзи 4 апърели) ка загъта, уонæй еу поэт æма публицист* ***Урумти Петя****. Æ уæди загъд гъудитæ, махмæ гæсгæ, абони дæр æркæсуни аккаг æнцæ.*

* * *

Галдзарм, дам, адæмы æхсæнмæ куы рахæссай, уæд дзы уафсхор дæр нал баззайдзæн. Афтæ у æвзæгты тыххæй Закъоны проекты хабар дæр. Æнцон нæ уыд йæ саразын, бæлвырд зондæлхынцъ бындурыл æй самайын. Чысыл фыдæбоныл нæ бахъуыд, цæмæй равдисай йæ ахадындзинад царды къабæзты, бавдисай сæ критикон авналæнтæ æмæ уагæвæрдты хуызы. Æппæт уыдæтты тыххæй хъуамæ бузныг зæгъæм йæ рафæлдисджытæн. Фæлæ йæ бындуры мæнг хæдæфсармдзинад кæй ис, ирон зæххыл ирон æвзаг сæйрагдæр кæй хъуамæ уа, уый зæгъын кæй нæма уæндæм æргом, уый Закъонæн фаг хъару, фаг тых нæ дæтты.

Æркæсæм ма царды æцæгдзинадмæ æмæ бамбарæм иу ахсджиаг хъуыддаг – рæстæг дарддæр афтæ куы хæсса, цæхгæр мадзæлттæ арæзт куд нæ ’рцæуа, уæд æвзаджы геноцид æркæндзæн нацийи сæфтмæ. Ууыл дзурæг сты нырыккон æвдисæнтæ.

Цæгат Ирыстоны, 630 мин адæймаджы кæм цæры, уым ирон чиныг уагъд цæуы мин экземплярæй, йæ сæйраг газет «Рæстдзинад» тыхтæй-амæлттæй ахæлиу вæййы 25-27 мин адæймаджы ’хсæн. Цæмæн афтæ у, кæй æмæ цæй аххосæй æрхаудтам ахæм уавæрмæ? Закъон исты ахъаз фæуыдзæн ирон æвзаджы рæзтæн, ныр куыд у, афтæмæй? Кæмæн фылдæр бартæ дæтты Закъон, ирон æви уырыссаг æвзагæн? Гъе, уыцы фарстатæн дзуапп раттын ис нæ зæрды. Рагацау хатыр курын газеткæсæгæй, мыййаг-иу, мæхи куы нал бауромон æмæ мæ ныхас ранæйрæтты æгæр карз куы уа, уæд.

Закъон «ЦИ ССР-йы адæмты æвзæгты тыххæй».

Æрвылбон цы домбайыл дзурæм, æртхъирæн кæмæй кæнæм, уый сонтмонты нæ бафынæй. Кæддæр дзы фыдгултæ арвы талынгты лыгъдысты, æмæ ницы амал ардтой йæ басæттынæн. Цас фæцархайдтой йæ æрмахуыр кæныныл, цас тæрхæттæ фæхастой паддзахы галуанты йæ æрсабыр кæныныл, марадз, кæд сæ къухы исты бафтыд.

Зындгонд публицист Цæлыккаты Ахмæт йæ рæстæджы афтæ фыста: «Кавказ куы басастой, уæд уырысы администрацийы размæ сыстад ахъаззаг фарст: куыд сæрмахуыр кæной знæт хохæгты.

Æмæ æрхъуыды кодтой алыхуызон проекттæ. Сæ иу хохæгтæн знæт æмæ налат миниуджытæ сæ удыхъæды сты, зæгъгæ, ахæм хъуыдыйыл лæуд автортæ бахастой фæндон уыдоны музыкæйы фæрцы æрфæлмæн кæнын. Музыкæ, дам, ахæм хъуыддæгты хъомысджын у, рæстырдæм ауды адæймагыл. Иннæ проекты та уыд бынтон æвирхъау фæндтæ – хохæгты фыднозтыл, къамæй хъазынынл æмæ нырыккон цивилизацийы тæккæ æдзæсгомдæр, тæккæ æнæуагдæр митыл бафтауын». (Фæстаг проект, абоны цард куыд æвдисы, афтæмæй сæ къухы бафтыд).

Сæйрагдæр рахæцæн æвзаг у. Хорз æй æмбары алчидæр. Цалынмæ не ’взаг йæ гаччы сбада, уæдмæ тас у, æфсармæй, æгъдауæй, культурæйæ ма нæм цы мæгуыр муртæ ис, уыдон фесафынæн. Фæлæ раздæрау нæхимæ æлхъывд кæй кæсæм, рацарæзт бæстæ цæмæ æркодта, Уæрæсе цы фæндагыл æрлæууыд, уый фаг кæй не ’мбарæм, уый аххосæй нæ уæндæм нæ зæгъинæгтæ æргом зæгъын.

Кæцы адæмыхатт ис йæ номæй схонæн, кæд йе ’взагыл нæ дзуры, уæд? Æвзаг канд дзурыны мадзал нæу. Æвзагимæ баст сты адæймагæн йæ удыконд, йæ зондахаст, йæ уаг, йе ’гъдау, йæ цыт æмæ йе ’фсарм. Æвзаг у адæймаджы æххæст фæлгонц æвдисæг айдæн. Дарддæр нал дзурын, æвзагæн царды алы къабæзты, цы егъау ахадындзинад ис, ууыл. Æмæ иугæр не ’взаг йæхи бар нал у, иугæр ыл «интернационализмы» сæраппонд къахæй ахæцыдыстæм, уæд кæмæй цы домæм? Цæуыл мæсты кæнæм, стыр уынгты бирæ лæппутæй, чызджытæй уырыссагау æвзæр ныхас куы фехъусæм, æнæуагæй сæ куы фенæм, уæд? Уый уымæн афтæ у, æмæ ирон æвзагимæ сæ зонды, сæ туджы нæ ахъардта ирон æфсарм.

Чи у аххосджын? Мæнмæ гæсгæ, абон йæ кары чи бацыд, уыцы хистæр фæлтæр. Ахæм «хæрзæгъдау», «коммæгæсæй» сæхи равдыстой бæрнон бынæтты кусгæйæ æмæ диссаг. Уæрæсейы иннæ адæмтæй æппæты разæй згъордтой «интернационализмы» тырысаимæ. Афтæ систы, æмæ се ’взаг, сæ культурæйыл нал æрвæссыдысты, сæ удæй арт цагътой «хистæр æфсымæры» æвзагыл сыгъдæгдæр дзурынил.

Уæрæсейы аивады, литературæйы исты «æвзæргæнæг» фæзынд, зæгъæм, Солженицын, Синявский, Даниэль… Уайтагъд партийы обкомы разамындæй нæхимæ джигул кæнын райдыдтам, цымæ нæм ницы националистон уацмыс фæзынд… Уайтагъд-иу фæллойгæнджыты æмбырдты сæ ныхмæ дзурджытæ фæци, кæд сын сæ нæмттæ дæр никуы фехъуыстой, сæ уацмыстæ дæр нæ бакастысты, уæддæр.

Мæ зæрдыл ма хорз лæууы иу хабар. Иу сæрды Ирыстонмæ ссыдысты Юрий Хазанов æмæ Юрий Даниэль. Стыр уац ныффыстой ирон сывæллæтты литературæйыл, уырыссаг æвзагмæ раивтой нæ поэттæй цалдæры æмдзæвгæтæ. Цыбыр рæстæг рацыдаид, афтæ дын арвы дзæхст – Даниэлы, дам, æрцахстой, антисоветон роман «Кремлевский паек» кæй ныффыста, Пастернакы роман «Доктор Живаго»-йы къухфыст æм кæй разынд, уый тыххæй. Уайтагъд кæмæдæрты фæсидтысты обкомы идеологон хайадмæ. Мæнмæ дæр. «Цавæр бастдзинад дын ис Даниэлимæ?» – фарста æвæрд уыд комкоммæ. Мæ бастдзинæдтæ уыдысты мыхуыры. Бафтауинаг сыл ницыуал уыд. Хуыцау хорз, æмæ 37-æм аз ахицæн… Фæлæ Даниэль… Хæрз хуымæтæг адæймаг. Бæзджын хъæлæсын… Мадзура. Йæ уæлæдарæс, йæ фадыварц дæр – мæгуырау. Фæлæ йæ уды хъаруйæ сыстад, уæд «коммунизмы» чи цард (фæстæдæр Б.Н.Ельцин æргом кæй равдыста), уыцы Кремлы кусджыты царды ныхмæ. Махæй чи зыдта уыцы хабæрттæ, фæлæ Даниэль æмæ Синявскийы тæваг ссарын хъуыд ирон литературæйы дæр. Æвæццæгæн, æргомæй сæ къухы ницы бафтыд. Ацы хабармæ гæсгæ ныффыстон хæрзцыбыр æмдзæвгæ «Куыдзы рæйд».

*Æнафон… Мæй худы… У тарф*
*фынæй хъæу…*
*Æрдз – сабыр… Дыргъбæлæстæ*
*джихæй лæууынц.*
*Æвиппайды айзæлд æнæбар «æу-æу»,*
*Уый срæйдта йæ фыны*
*дзæгъæлхæтæг куыдз.*
*Æппæт сыхты уый адыл стынг и «æйт-æйт»,*
*Уæ бындар æрбауат, цы куыйтæ*
*стут кæд!*
*Æппындæр æй ма ’мбар, цæуыл у*
*дæ рæйд,*
*Гъе, афтæмæй адæмы’ гъуыссæг фæкæн.*

Чи зоны, æмæ зæгъат, ацы хабар æвзагмæ цы бар дары? Уæлæнгай æркæсгæйæ, ницы. Ныхас не ’рмахуырыл цæуы. Кæмдæр исчи исты зæгъæд, æмæ та мах – цæттæ. Æгас бæстæйы дæр чысыл нациты æвзæгтæ тагъддæр уырыссаг æвзаджы хъуыры ауадзыны охыл йæ рæстæджы фæзынд кæйдæр идейæ – адæмон ахуырад уырыссагмæ раивын. Нæ ныл сразы сты удмурттæ, тæтæр, башкиртæ… Мах кæддæриддæр – цæттæ, ирон æвзаг та факультативон. Цас зиан æрхаста уый нæ адæмæн! Абон дæр ма нæ интернационалон горæты кæцыфæнды адæмы æвзаг дæр фехъусдзынæ, иронау та – стæм ныхас. Фæсивæдæй йæ бирæтæ нæ зонынц, куы дзурой, уæддæр цъæррæмыхстытæй.

Æрмахуыр кæй систæм, уымæн уæлдай ирддæр æвдисæн уыд Одинцовы рæстæг. Абон «фæдис» чи хъæр кæны, уыдоны бардзырд уæд уыд – ирон хъæбатырты, инæлæртты, номдзыд лæгты кой ныууадзын. Уый, дам, национ хирвæссондзинады миниуæг у. Телеуынынады хъуырыл бахæцыдысты, араст, дам, ут æмæ киномæ сисут æмæ равдисут, мардмæ æгæр бирæ адæм кæй цæуы уый æмæ æндæр «талынг» æгъдæуттæ. Фæзындысты та ног, советон «æгъдæуттыы» æрфыстытæ. Ноджы ма Одинцовы культыл телерадиойы разамынд афтæ архайдта, æмæ суанг «Фæстаг хабæртты» дæр йæ раныхасæй скъуыддзаг нæй, зæгъгæ, уæд сæ эфирмæ нæ уагъта.

Мæсыг, дам, хи дурæй хæлы. Æхсины лæгтæ хицауадон къæлæтджынтыл куы æрбадынц, уæд сæ ферох вæййы сæ мад, сæ фыды ном дæр, нацийы хъысмæт сæ фæсонæрхæджы дæр нал вæййы. Æндæр, уæдæ, куыд æмбарæн уыд, бæрæгбоны телеравдыстытæ æрмæстдæр уырыссагау аразыны хъуыддаг.

Аххосджын нæхæдæг стæм. Ялтæйы фысджыты сфæлдыстадон хæдзары нæм йæ рæстæджы Владимир Солоухинимæ карз ныхас рауад национ хæдбардзинадыл, национ миниуджытыл. Æз ын йæ ныхмæ æрæвæрдтон, мæхимæ гæсгæ, уæззау джебогъ – иудадзыг, зæгъын, уырыссаг, уырыссаг цы кæнут (русская зима, русская масленица, русское поле æмæ а. д.). Мах дæр сем-сем кæнæм, уæхæдæг дæр.

Тынг зæрдæрисгæйæ дзырдта, уырыссаг адæм, дам, сæхи хуызæн нал сты, ферох кодтой сæ миниуджытæ, се ’гъдæуттæ. Æмæ, дам, нæ интеллигенци стыр мæты бацыд. Архайы алыхуызон уырыссаг адæмы традицитæ фæстæмæ сног кæныныл. Æз ын куы радзырдтон нæхи уавæры тыххæй, обкомы руаджы ног советон æгъдæуттæ куыд парахат кæнæм, суанг ма скъолаты уырыссаг æвзагмæ кæй раивтам, уыдæттæ, уæд мын алывыд ныккалдта, сомбон, дам, уæ рустæ хæрдмæ хафдзыстут, фæлæ уæдмæ ферæджы уыдзæн. Æрæджиау загъта, æнæ кавказаг темæйæ Пушкин, Толстой, Лермонтов абон афтæ бæрзонд кæй нæ лæууиккой. Дунейы мидæг советон литературæйæн ахæм кад нæ уаид, алыхуызон адæмыхæттыты фысджыты уацмыстæ дзы куы нæ азæликкой, уæд. Уыдоны фæрцы цæхæртæ скалы налхъуыт-налмасау.

Мах нæ цæрæнбонты нæ риугуыдыртæ хостам, интернационалисттæ стæм, зæгъгæ. Удыкондæй æцæг стæм: хæрам зонд никæмæ дарæм, фыдæхы цæстæй никæмæ кæсæм. Бæллиццаг хъуыддаг. Фæлæ нын нæхи афтæ кæй нæ ныммайынц, уый нæм хардзау цæуылнæ кæсы? Цæрæнбонты нæ фарсмæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ чи фæцард, уый иу-дыууæ ирон дзырды базонын цæуылнæ бафæрæзта, нæ иу рæсугъд æгъдау цæуылнæ бафæзмыдта. Уый нæ, фæлæ ма нын æхсæнадон бынаты нæхи мадæлон æвзаг дæр нал уагъта («оставьте свои ардабонские разговоры»), не ’гъдæуттæм дæр фæлæбурдта («пережитки прошлого»). Æз ахæм хуымæтæг æвдисæнтæ уымæн хæссын, æмæ сæ алчидæр зоны.

Уæдæ афтæ: æвзагимæ баст сты æппæт хъуыддæгтæ дæр. Ацы Закъонмæ гæсгæ та йæ æлхынцъбæстытæ нæ хæлынц, йе уæнгтæ уæгъддæр нæ кæнынц.

Фыццаджыдæр мæм афтæ фæкаст, цыма Закъон фыст у уырыссагау, æцæг ирон дзырдтæй, ранæй-рæтты у зын æмбарæн, ирон стилистикæйы бындурыл амад кæй нæу, уымæ гæсгæ. Куыд фæзæгъынц, дзæбæх «бахуымгæнинаг», «æхсæдинаг» у.

8

**Уæрæсейаг киной Бон бæрæггонд цæудзæнæй 27 августи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн, нæ фидибæстон аййевадон къабази иристойнæгтæй æнтæстгинæй ка архайуй, уонæн сæ еугуремæн дæр.**

**НИ ОТ ВРАЖЬЕЙ ПУЛИ, НИ ОТ СТРАХА ГОЛОВУ НЕ ЗАЩИТИТ ПАПАХА!..**



# ГКЧП. КАК ЭТО БЫЛО?

## ТАЙНЫЕ ИНТРИГИ ЦРУ

### ГЕНЕРАЛЫ ШЕПЧУТСЯ ЗА КУЛИСАМ

*«Победа в дни путча, – пишет Г.Х. Попов, – была обеспечена не только действиями масс, но и сложными и тонкими переговорами Ельцина с армией и безопасностью с местными аппаратчиками. И только в будущем станет ясно, какой вклад внесли эти переговоры и принятые Ельциным обязательства».* (Попов Г. Август девяносто первого.)

Однако и тогда, и сейчас понятно, что так называемые действия масс имели декоративный характер, тогда как главное, вынужден признать даже Ельцин, *«происходило за кулисами событий»*. Там, за кулисами, трудно, конечно, разглядеть, кто сидел за пультом управления. Думается, ни Павел Грачев, ни Евгений Шапошников, ни Борис Громов, а кто-то другой. Эти генералы, скорее всего, выступали в подсобной роли исполнителей.

*«Штурм Белого дома можно было осуществить одной ротой»*, – утверждает Ельцин. Но какова тогда цена разрекламированного подвига защитников Белого дома? Зачем столько «шума из ничего»?

Объясняя армейскую сумятицу и нежелание военных прибегнуть к крайним мерам, Б.Н. Ельцин указывает на просчет КГБ: *«Армия понимала, что КГБ опоздал с действиями на целые сутки»*. Нельзя говорить, что КГБ уж очень спешил, а лучше сказать, вовсе не спешил. Вот взгляд из самого КГБ, мнение начальника внешней разведки и члена коллегии КГБ генерала Л.В.Шебаршина, для которого многое было странным и непостижимым, наводило на размышления и вопросы: *«почему ГКЧП действовал столь вяло, неуверенно и нерешительно, почему Крючков в этот ответственный момент не привел в действие весь комитет, почему не были изолированы российские руководители, почему не была отключена связь с Белым домом? Вопросы – крупные и мелкие – неотвязны. Не самый главный, но для меня весьма существенный: почему Крючков не пытался вовлечь в свои замыслы начальника разведки, хотя бы предупредить меня о том, что одно из наших подразделений может потребоваться для решительных действий в Москве»*. Шебаршин недоумевает по поводу того, *«что в действительности случилось 19–20 августа, каким образом дальновидный, хитрый, целеустремленный Крючков оказался в тюрьме, на что он рассчитывал, почему так нелепо, по-дилетантски проводились меры чрезвычайного положения»*. (Шебаршин Л.В. Из жизни начальника разведки. С. 101.)

### КГБ: НИ АЛЬФА, НИ ОМЕГА

Итак, становится ясно, что КГБ 19–21 августа был скорее пассивен, чем активен. В.А.Крючков, как явствует из сообщений Шебаршина, Широнина и Вольфа, держал свой Комитет (за исключением группы «Альфа»), так сказать, на расстоянии от событий этих дней, полагая, очевидно, что обойдется без гэбистов и в конце концов сумеет поладить с российским руководством. Это, собственно, подтверждает и Ельцин, говоря о «выжидательной позиции КГБ». Такая выжидательность сбивалась на отстраненность. Но какая в России «свадьба без баяна», а путч без КГБ?..

Привлекает к себе внимание упоминание Широниным намечавшегося выступления председателя КГБ в Верховном Совете РСФСР. Об этом говорит и сам Крючков: *«В ночь на 21 августа у меня состоялись два или три разговора с Ельциным. Ему я говорил, что никакого штурма Белого дома не намечается. Разговоры были вполне спокойными. Я не почувствовал какого-то раздражения, более того, Ельцин сказал, что надо искать выход из создавшегося положения, и хорошо было бы ему, Ельцину, слетать вместе со мной в Форос к Горбачеву для того, чтобы отрегулировать ситуацию. Он предложил мне выступить на открывавшейся 21 августа сессии Верховного Совета РСФСР с объяснением обстановки и ответить на возможные вопросы. Я посоветовался с Янаевым и дал согласие на вылет к Горбачеву в Форос и на выступление на сессии Верховного Совета России. Мы условились утром 21 августа решить технические вопросы и реализовать договоренность».*

Об одном из этих телефонных разговоров вспоминает и Б. Н. Ельцин: *«Разговор наш дословно не помню, но сценарий его был интересный. Крючков оправдывался»*. Если Крючков на самом деле оправдывался, то он тем самым укреплял Ельцина в мысли о слабости, неуверенности и нерешительности ГКЧП, об эфемерности планов гэкачепистов. *«Тихий старичок со стальным взглядом»*, как Ельцин характеризует Крючкова, должен был понимать, в каком ключе надо вести разговор с Ельциным. Он избрал тон оправдательный. Время покажет, случайность ли это... Показателен и телефонный разговор Ельцина с Янаевым. *«Я вспоминаю, – повествует российский президент, – довольно мрачный эпизод августовского путча. Как я звонил Янаеву. Я сказал ему, что их заявление о здоровье Горбачева – ложь. Потребовал медицинского заключения или заявления президента. «Будет заключение»*, – ответил он». Стиль разговора (если он верно передан) совершенно не соответствует тому, когда на одном конце провода находится путчист, а на другом – его политическая жертва. Во всяком случае, с настоящими путчистами, представляющими серьезную опасность, в такой вызывающей манере не говорят.

У Крючкова имели место и другие, вполне мирные, телефонные контакты с представителями российского руководства. Так, глубокой ночью 21 августа, после гибели на Калининском проспекте трех парней, он говорил по телефону с Г.Э. Бурбулисом. Крючков рассказывает: *«По этому поводу примерно в два часа ночи 21 августа у меня состоялся разговор с Бурбулисом. Я обратил его внимание на провокационные действия лиц из числа так называемых защитников Белого дома. Сказал, что никакого нападения со стороны военнослужащих не было, напротив, в отношении последних была совершена грубая провокация. Бурбулис обещал разобраться и принять меры»*. По форме перед нами разговор если не партнеров, то, во всяком случае, не ожесточенных врагов. Быть может, Крючков тут сочиняет? Однако есть возможность проверить правдивость его слов. При разговоре Бурбулиса с Крючковым присутствовал Гайдар. Он свидетельствует: *«Постепенно, уже за полночь, обстановка начинает накаляться. Танки, кажется, действительно двинулись. Бурбулис набирает по правительственной связи номер председателя КГБ Крючкова. Что-то очень странное: вроде вот-вот убивать будут, и в то же время созвонились, побеседовали...».*

20 августа целая группа российских руководителей (Руцкой, Хасбулатов, Силаев) встречалась в Кремле с А.И. Лукьяновым. В ходе встречи с российской стороны были выдвинуты требования, сводившиеся *«к прекращению деятельности ГКЧП, возвращению в Москву Горбачева, но особых угроз при этом не высказывалось. У Лукьянова создалось впечатление, что эти требования не носили ультимативного характера»*. Отсутствие ультимативности в требованиях посетителей Кремля говорило об их желании не обострять ситуацию и тем самым удержать гэкачепистов от попыток силовых действий, а также не торопить события, т.е. продлить неопределенность ситуации, выгодной Белому дому.

***Игорь ФРОЯНОВ (1936-2020),***
***доктор исторических наук.***
***Материалы и фото***
***из открытых источников***

**(Продолжение. Начало**
**в № 31 от 15 августа 2026 г.)**

### ОСОБОЕ МНЕНИЕ



– Предвидя трагедию, мы предпринимали всяческие шаги по недопущению падения нашего государства. Бездействие Горбачева казалось в то время для нас результатом его ограниченных физических и умственных возможностей (власти дали больше, чем любому монарху, но он ею якобы не мог и не знал, как распорядиться). Некоторые объясняли это также и его нерешительностью, трусостью. Фактически все это действительно присутствовало. Но главное, как теперь ясно, в другом: бездействие было умышленным, и оно преследовало одну стратегическую цель – довести все процессы развала государства до такой степени, когда они уже будут необратимы. Чью волю выполнял Горбачев? Тогда нам еще не до конца это было ясно.

Главный враг, который дирижировал всем и всеми, в том числе Горбачевым, Шеварднадзе, Яковлевым и т.п., был не на ладони. Его надо было умело выделить, разоблачить и разгромить. Но этого не произошло. Горбачев не дал. И эта третья сила, воспользовавшись благоприятными условиями, подготовила и с помощью предателей нашего Отечества провела взрыв Союза изнутри.

Эта сила, к которой никаких эффективных мер не было предпринято (о ее существовании только робко говорилось, в том числе и на закрытом заседании Верховного Совета СССР 17.06.1991), и сейчас глубоко заинтересована в дальнейшем распаде нашего государства, в разграблении наших богатств и проведении в жизнь своих замыслов навсегда обосноваться в России, направляя, так сказать, ее дальнейшее развитие.

Что же это за сила? Это элита западных держав, в руках которых формирование внешней и внутренней политики, плюс наша продажная компрадорская буржуазия, наши продажные политики и агенты влияния (собственно, это почти одни и те же лица).

***Валентин ВАРЕННИКОВ***
***Из выступления на процессе по делу ГКЧП***

* * *

Валентин Варенников – генерал армии, Герой Советского Союза, выступил на стороне ГКЧП. Из обвинявшихся по делу августовских событий 1991 года он единственный не принял амнистию.

**Международный день памяти жертв актов насилия на основе религии или убеждений отмечается 22 августа.**

*– А ты где отдыхал?*
*– Нигде, я летать боюсь.*
*– Так ты выпей.*
*– Да когда я выпью, мне и тут хорошо...*

☺ ☺ ☺

*Раньше хотя бы два раза в месяц хотелось идти на работу. А потом ввели банковские карты.*

☺ ☺ ☺

*– Серега, привет! Сколько лет, сколько зим!*
*– Один год, два месяца и три недели. Когда долг вернешь?*

## АМОНДАГОРÆГ, АМОНД КÆМИ ÆЙ, УОЙ КУ ЗОНИДÆ, УÆД ÆЙ РАЙАГОРÆ-БАЙАГОРÆ НÆ КÆНИДÆ!..



# НИВГУН АДÆЙМАГ ДÆ?..

**1. Царди къулумпидзийнæдтæй тæрсис?**
а) Нæ. б) Циуавæр уонцæ, уомæ гæсгæ. в) Гъо.

**2. Арази дæ уобæл, æма нивгунæй неке райгуруй, фал уой фæсте исамондгун уй алкедæр.**
а) Аллихузти. б) Гъо. в) Алке нæ.

**3. Дæхе цардбæллонбæл нимайис?**
а) Гъо. б) Еугур гъуддæгути нæ. е) Нæ.

**4. Дæумæ гæсгæ, æрдзон æстæфтитæ уæддæр ескæд исæнхæст унцæ?**
а) Айдагъдæр си цийнæхæссæг ка ’й, етæ. б) Кæми куд. в) Айдагъдæр фуддзийнæдтæ.

**5. Ескæд ди еске ести радавта?**
а) Нæ. б) Минкъий цидæртæ. в) Адтæй уотæ дæр.

**6. Æхцатæ ескæд иссирдтай?**
а) Гъо. б) Листæгутæ. в) Нæ.

**7. Царди алцидæр карни дæлбарæ ’й?**
а) Гъо. б) Айдагъ уой хæццæ нæ. в) Æркæсгæй æй.

**8. Дæ сабийдогæбæл ахид ферхун кæнис?**
а) Нæ. б) Еуæй-еу хатт. в) Нæ.

**9. Лотерейæй ескæд рамулдтай?**
а) Гъо. б) Цидæр нецитæ. в) Нæ.

**10. Ести бæрнон гъуддаги бацæунмæ дæ нифс хæссис?**
а) Нæ. б) Циуавæр гъуддаг уа, уомæ гæсгæ. в) Нæ.

**11. Уарзис рæусæнтти цæмæдæр бæллун?**
а) Цæмæ, уомæ гæсгæ ’й. б) Хатгай. в) Гъо.

**12. Ци куститæ райдайис, уонæми æнтæстгин уодзæнæ, зæгъгæ, е ди алкæддæр феруагæс кæнуй?**
а) Гъо. б) Æркæсгæй æй. в) Нæ.

**13. Тукани дæ ахид расайунцæ?**
а) Некæд. б) Листæгутæй. в) Хъæбæр ахид.

**14. Нивæ айдагъдæр тухæ æма хъаурæй аразгæ ’й?**
а) Айдагъ уонæй нæ. б) Мæнмæ уотæ кæсуй. в) Гъулæггагæн, гъо.

* * *

Кæд дзуæппити хузтæй «а» дæ зæрдæмæ хъæбæрдæр фæццудæй, уæд нивæ дæ цæдесон æмбал æй. Уæлдай æхцатæ дæмæ ку уа, уæд, æнæмæнгæ, дæ над хæстæгдæр киоскбæл ракæнæ æма си лотерейи билет балхæнæ. Уогæ дин царди амондгун «билеттæй» æнæуойдæр фагæ хъæртуй. Уæдта кæд дæ гъолæ сах бадагæ ’й, уæд æнтæститæ дæр æфтуйдзæнæй дæ къохи, айдагъдæр сæмæ цæрдæг лæууæ.

Вариант «б» дзорæг æй, нивæ дæ рæзти ке нæ евгъуйуй, уобæл. Айдагъдæр ди иронх макæд уæд, еци «нивæ» бостæгæнагæ ке æй æма æ хæццæ фембæлунæй дæхе ку нæ римæхсай, уæд дæбæл е дæр ахидæй-ахиддæр æмбæлдзæнæй. Фæстеггæй ниууадзæ листæг миутæ æма æнцон царди фæззелæнтæ, фал дæ нисанмæ ба тундзæ.

Кæд вариант «в» ахиддæр æмбæлуй дæ царди, уæд е ба уобæл дзорæг æй, æма царди ниви хæццæ дæ рахастдзийнæдтæ бустæги æмбаст ке нæма ’нцæ, уобæл. Е рæстæгмæ гъуддаг æй. Дæхебæл ку архайай, уæд, гæнæн ес, æма фæстагмæ исуай хъæбæр амондгун адæймаг.

Райдайун ба гъæуй дæхебæл æууæндундзийнадæй, дæ цæрæццаргдзийнадæ фулдæр æма æнхæстдæргæнгæй.

## ÆНÆМÆНГÆ АРАЗИНАГ ХЪУЫДДАГ АДÆМÆН СÆХИЦÆЙ АРАЗГÆ У!..

# РАЙХЪАЛ У, ДОМБАЙ...

Закъон, мæн фидарæй уырны, æмхуызон бартæ дæтты ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæн, фæлæ ницы ахъаз у ирон æвзаджы рæзтæн, уымæн æмæ йæ зоныны хæс никæуыл æвæры. Æппындæр ницæмæ дары, уырыссаг æвзагæн царды цы хъулон уавæртæ ис, уыдон. Исчи ма уæ зæгъæд, фæстагдæр чи кæд уыд, иронау кæм дзырдтой, ахæм æмбырды? Суанг ирон адæмы съезды дæр ма Къостайы ныхæстæ схъым-схъымгæнгæ куы кастысты. Сæйраг Советы кæцы сессийы уыд ныхас иронау? Афтæмæй та депутаттæн сæ фылдæр хай ирæттæ сты. Закъоны та фыст ис: «Цæгат Ирыстоны ССР Паддзахадон æгъдауæй ауды ирон æвзаджы æппæтвæрсыг рæзтыл æмæ кæны афтæ, цæмæй йыл дзырдæуа паддзахадон органты æмæ æхсæнадон организациты, культурæйы, наукæйы, хъомылады, æнæниздзинад хъахъхъæныны кусæндæтты æмæ æхсæнадон царды æндæр къабæзты».

Куыд нæ стæй. Бацæут-ма кæцыфæнды кусæндонмæ, министрадмæ, къантормæ – иронау дын салам дæр ничи ратдзæн. Æппæт рафæрс-бафæрс дæр уырыссагау. Уый уал дын «хистæр æфсымæры» æвзаджы рæзтæн йæ иу æууæл.

Закъоны амынд ис: «Цæгат Ирыстоны ССР-йы æхсæнадон-политикон, аивадон, наукон-техникон æмæ ахуырдонметодикон литературæ, газеттæ æмæ журналтæ, дзыллон информацийы иннæ фæрæзтæ уагъд цæуынц ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл». Стæй дæлдæр: «Республикæйы телеуынынады æмæ радиохъусынады куыст цæуы ирон æвзагыл, уырыссаг æвзагыл». Ам дæр та иу сусæггаг уавæр ферох: радио æмæ телеуынынад сæумæцъæхæй, фæсæмбисæхсæвтæм кусынц æрмæст уырыссаг æвзагыл. Бынæттон программæтæн цы мæгуырау рæстæг ис, уый дæр та, закъонмæ гæсгæ, юридикон æгъдауæй уæрст цæуы дыууæ æвзагыл. Уый дæр та дын «хистæр æфсымæры æвзаджы» рæзтæн йæ иннæ æууæл. Науæд кинотеатртæ не сты уырыссаг æвзаджы рæзтыл аудæг артдзæстытæ?! Афтæ бинонываг куы равзарæм Закъоны уагæвæрдтæ, уæд рабæрæг уыдзæн «ирон æвзаджы бартыл дзургæйæ», Закъон кæй у нæ республикæйы уырыссаг æвзаджы дарддæры райрæзты фарсхæцæг.

Ахæм хатдзæг бар-æнæбары фæзыны адæймаджы зонды. Афтæ уыдзæн, цалынмæ республикæйы иу паддзахадон æвзаг сфидар уа, уæдмæ. Уый та хъуамæ уа ирон æвзаг. Æмбарын æй, мемæ бирæтæ не сразы уыдзысты. Æз дæр афтæ нæ зæгъын, æмæ иннæ æвзæгтыл бахъоды кæнæм. Уæдæмæ ирон æвзаг паддзахадон куы уа, уæд æй алчидæр йæхицæн хæсыл нымайдзæн уый зоныны, уæд æй зæрдиагдæрæй ахуыр кæндзысты рæвдауæндæтты, скъолаты.

Æппынфæстаг нæ бамбарын хъæуы иу хъуыддаг: ирон æвзаджы рæзтæн уæвæн ис æрмæст Ирыстоны, æндæр зæххыл уый тыххæй иу закъон дæр нæ фæзындзæн – нæдæр Уæрæсейы, нæдæр Гуырдзыстоны, нæдæр Сомихы, нæдæр Мæхъæлы. Гъе, уымæ гæсгæ Закъоны хъаймагъ хъуамæ ирон æвзагыл мæт уа. Кæд истæмæй рæдийын, уæд – хатыр. Æз дæр уый мæ цыбырзондæй, мæ хиуарзондзинады уацарæй нæ дзурын.

Уæдæ афтæ, ацы Закъон мæцъис куы фестид, уæд дзы фынæй домбайы иуæрдæм дæр нæ афæлдахис, уымæн æмæ тæссонд у. Тæрсын, домбайæн фынæйы хосы бæсты куы ацæуа æмæ куыннæ уал райхъал уа, уымæй.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



Фарстатæн се ’мбесæй фулдæрбæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.

**1 «Брусилови ратунд» («Брусиловский прорыв»), зæгъгæ, ке хонунцæ, еци тугъдон мадзали рæстæг 1916 анзи Уæрæсей императорон æфсадæн бантæстæй размæ зингæ бампурсун:**
**а)** Галиций; **б)** Померaний; **в)** Верденти фалдзос.

**2 Норвегий сæйраг сахар Ослой студентти æмдзæрæни æвæрд ес циртдзæвæнгонд канцелярон гæрзтæй еуемæн. Кæцимæн?**
**а)** Гибуйæн; **б)** Федаргæнæнæн (скърепкæн); **в)** Степлерæн.

**3 Дессаг æй, фал Ютæ ке хонунцæ, еци америкаг штати еугур рауæнти дæр æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнагбæл нимад æй «сухæ закъон» – нæ си æнгъезуй карз ниуæзтæ ниуазун. Уомæн æма си ка цæруй, уонæн сæ фулдæр æнцæ мормонтæ, кæцитæ хуæст æнцæ æнæнез цардиуагæбæл. Фал уæддæр 2002 анзи цубур рæстæгмæ си еци закъони архайд уорæд æрцудæй. Цæй фæдбæл, уанæбæрæг ци ’рцудæй?**
**а)** Апокалипсис. **б)** Олимпиадæ. **в)** Æвзурститæ.

**4 Европи тростникæй конд сæкæр ку нæма фæззиндтæй, уæд хуæруйнаг фæййадгиндæр кæнунæн пайда кодтонцæ гъæддаг халсарæй, кæци зингæ пайдадæр адтæй адæймаги æнæнездзийнадæн. Циуавæр халсар адтæй?**
**а)** Хрен. **б)** Къумбул. **в)** Æпхæ.

**5 «Уæрæсейæн ес айдагъдæр дуæ æмцæдесони – е ’фсад æма æ флот!..» Уæрæсей паддзæхтæй уотæ ка загъта?**
**а)** Александр I; **б)** Николай I; **в)** Александр III.

**6 Рагон бердзейнаг денгизон Хуцауæн адтæй уосæ, кæций худтонцæ:**
**а)** Афродитæ; **б)** Европæ; **в)** Амфитритæ.

**Раст дзуæппитæ нæ газети 31-аг номери фарстатæн:**

**1.** Императори номбæл ци курдиæдтæ цудæй, уони тухxæй ин игъосун кодта. **2.** Дæлдондзæуæг. **3.** Нартихуар. **4.** Дзумари. **5.** Белоруссi. **6.** Эмиль Ленneберг. **7.** Коцойти Арсен. **8.** 1923 анзи. **9.** Чогори.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**E-mail:** gazeta.digora@kpmk.alania.gov.ru

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 1798.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 21.08.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 21.08.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**